NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisè

Chè Paran/Responsab Legal:

Lekòl segondè se yon peryòd ki eksitan pou elèv yo, paske se moman kote yo kòmanse planifye avni yo. Kòm paran yon elèv ki nan lekòl segondè, ou jwe yon wòl trè enpòtan nan ede pitit ou prepare avni li.

Planifikasyon tranzisyon, se pwosesis lekòl yo itilize pou ede elèv ki gen andikap, ansanm ak fanmi yo, planifye avni yo apre yo fini lekòl segondè. Sèvis lekòl yo disponib pou pitit ou a jiskaske li gen diplòm Regents oswa yon diplòm lokal, oswa jiskaske aksè li pou resevwa yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye fini nan ane li gen laj 22 ane. Nou ankouraje ou menm ak pitit ou byen pwofite sèvis sa yo.

Ou menm ak pitit ou gen opòtinite pou diskite sou planifikasyon tranzisyon an nan tout reyinyon Komite Edikasyon Espesyal (Committee Special Education, CSE) yo. Diskisyon sa a ka gen ladan plan pou edikasyon ak fòmasyon apre lekòl segondè pou prepare pou yon djòb oswa yon karyè; edikasyon kontinyèl pou adilt oswa lòt pwogram edikasyon; patisipasyon aktif nan kominote a; jwenn epi kenbe yon djòb; vi otonòm; epi/oswa lòt sèvis pou adilt. Plan tranzisyon pitit ou a ta dwe antre an vigè depi nan laj 15 ane, men tou, li ka kòmanse pi bonè. Pwosesis planifikasyon an pi efikas lè ou menm ak pitit ou enkli ladan li.

Si pitit ou a gen yon andikap devlòpmantal, tankou Sendwòm Down, Paralizi Serebral, Twoub Espèk Otis, oswa yon lòt Andikap Entèlektyèl oswa Devlòpmantal, ou ka vle aprann plis sou sèvis Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD) Eta Nouyòk la ofri. OPWDD bay anpil sèvis, tankou sipò lakay, sèvis nan kominote a, ak fòmasyon pou travay, pou ede yon elèv ki gen yon andikap devlòpmantal reyisi tranzisyon li soti nan lekòl pou antre nan lavi adilt. Elèv yo ak fanmi yo dwe aplike pou resevwa sipò sa yo, epi yo ka bezwen aplike tou pou Medicaid tou si sèvis yo vle yo egzije sa.

Pou aprann plis sou kritè elijibilite OPWDD ak sèvis yo, ou menm ak pitit ou ka gade Videyo sou Sèvis Akèy OPWDD yo nan https://opwdd.ny.gov/get-started. Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn yon kopi gid *Aksè a Sèvis* pou moun ak fanmi yo, ale sou http://www.opwdd.ny.gov/get-started. Elèv ki deja gen elijibilite OPWDD yo, epi ki konekte ak yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (Care Coordination Organization, CCO) dwe kontakte Manadjè Swen yo pou ede yo fè demann sèvis pou adilt.

Si ou panse avni pitit ou ka nesesite sipò ak sèvis OPWDD bay, li trè enpòtan pou ou kontakte nou pi bonè posib. Si ou ta renmen distri lekòl la envite yon reprezantan OPWDD pou patisipe nan planifikasyon tranzisyon pou pitit ou, pèsonèl nou an ap kontan patisipe epi ede w nan planifikasyon an. Jis mande lekòl ou a pou yo envite yon reprezantan OPWDD. Ou pral bezwen tou siyen yon konsantman pou pataje dosye edikatif ak sante yo avèk nou, pou nou kapab ede w. Konsantman sa a obligatwa dapre lwa federal ak règleman Eta Nouyòk.

Nou kontan anpil pou n travay ansanm avèk ou ak fanmi w sou planifikasyon tranzisyon pou sèvis ki apwopriye, ak pou yon avni reyisi pou pitit ou. Si ou gen nenpòt kesyon sou OPWDD, tanpri kontakte Biwo Rejyonal lokal ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak rejyonal ou lè w rele Liy Enfòmasyon nou an nan **866-946-9733** oswa lè w voye imèl ba nou nan info@opwdd.ny.gov.

Sensèman,

Willow Baer
Komisè

Revize 22/12/2025